



Konnen 8 Etap yon Fanmi Prepare Prepare se travay tout moun



Kontèks

Akoz pozisyon ak divèsite jewografik li, Chili ekspozé ak menas natirèl epi biyolojik, menm jan ak sa ke aksyon moun ka pwodwi.

Preveni yo mande pou rekonèt **menas** ak nivo **ekspozisyon** ke nou twouve nou, pou nou ka idantifye ansanm **vilnerabilite** ak **kapasite** pou nou afwonte yon sitiyasyon ijans. Konsa nou ka evite epi diminye **risk** pou fanmi nou yo.

RISK YO

Posibilite pou yon teritwa oubyen yon kominote eksperimante domaj ak pèt moun, sosyal, ekonomik ak anviwònmanal.

MENAS

Fenomèn ki gen orijin natirèl, biyolojik oubyen ke moun koze ki ka koz domaj nan enfrastrikti, sèvis, mòd vi oubyen anviwònman.

EKSPOZISYON.

Lokalizasyon popilasyon (enfrastrikti, sèvis ou lòt) ki prezan nan yon zòn ki ka afekte pa menas.

VILNERABILITE

Febles ki ogmante risk fas a yon menas.

KAPASITE

Se tout resous ak konpetans yon moun, kominote, oubyen òganizasyon genyen pou fè fas a risk ak dezast.



Kisa plan fanmi prepare a ye?

Sa se yon gid rekòmandasyon pou travay sou sekirite ou ak tout fanmi ou fas a sitiyasyon ijans.


Pou sa nou bezwen kowòdinasyon ak patisipasyon tout moun ki ap viv nan yon menm kay oubyen ki fè pati yon fanmiy. Poutèt sa opinyon ak vizyon chak moun trè enpòtan pou travay sa.

Pou sa li fondamantal entegre ti gason, tifi ak adolesan yo konsa yo ka konnen kisa pou yo fè nan sitiyasyon yo ta pou kò yo nan moman ke yon ijans ta pase.

Tout sa yo kòmanse konstwi plan fanmiy prepare a apati 8 etap li yo:



ETAP 1 : Enfòmasyon sou gwoup familyal lan



ETAP 2 : Idantifye menas anndan ak deyò kay lan



ETAP 3 : Defini zòn sekirize



ETAP 4 : Elabore yon plan pou kay lan



ETAP 5 : Defini responsabilite yo nan sitiyasyon ijans




ETAP 6 : Kreye yon lis kontak



ETAP 7 : Prepare yon kit ijans



ETAP 8 : Fè pratik sou plan fanmiy prepare an.



Etap 1: Enfòmasyon sou gwoup familyal lan



Ou kapab konplete pa ou a ak enfòmasyon ki pi enpòtan famiy ou nan lis pou ranpli a ki anba a nan paj 28 (etap 1). Egzanp:

Non ak siyati	Sex	Laj	Nasyonalite	Telefòn	Konsiderasyon	Nesesite espesyal	Kontendikasyon ak enstriksyon medsen
María Elena Roa (grann)	fanm	71	chilyen	+569 1234 5678	Presión wo pwoblèm nan pye dwat	Medikaman pou presión itilize baton	Alèji ak antibiyotik
Rafael González (papa)	gason	53	chilyen	+569 1234 5678	dyabetik	Ensilin (nan frijidè)	Dayèt espesyal (metel nan kit ijans lan)
Benjamín González (hije)	Non binè	15	chilyen	No aplica	Moun soud	Kask	okenn
Andrea Ramírez Pérez (lokatè)	fanm	48	peru-nyen	+569 1234 5678	Tansyon wo	Medikaman Nastifrin (metel nan kit ijans lan)	okenn
Bobby (chyen)	Mal	4	Pa aplike	No aplica	Koulè nwa e blan	okenn	okenn

KONSIDERASYON ENPÒTAN:

Make si yon moun gen yon maladi, difikilte, kondisyon kwonik oubyen andikap.

NESESITE ESPEYAL:

Konsidere si kèk moun bezwen itilizasyon medikaman oubyen alimantasyon espesyal. Konsa si yo itilize kask, baton, chèz woulant, pami tout lot bagay ki mache ak byenèt li.

KONT ENDIKASYON OU ENSTRIKSYON MEDSEN:

Ekri nan ti kanè a si yon moun gen yon alèji a medikaman oubyen manje. Nan lis la ou ka mete bèt ke nou genyen anndan kay la.



ENPÒTAN:

Lis sa dwe rete nan yon kote vizib anndan kay la.



Pou konnen rekòmandasyon enklizif pou moun andikape **rantre sou link sa**



* <https://bibliogrd.senapred.gob.cl/handle/123456789/5405>

1 

2 

3 

Etap 2 : Idantifye menas anndan ak deyò kay lan

Reyalize yon rekonesans espas kote nou abite a ak antouraj la pou nou evalye a ki menas nou ekspoze.


Evalye anndan kay lan:

- Revize tip konstriksyon ak materyèl ki itilize yo.
- Gade bien kote yo mete materyèl danjere ak sak ka pran dife ak kloròks (blanchiman, pou lave) penti (vèni), awomatizadò (spay) oubyen gaz.
- Asire ou kondisyon enstalasyon elektrik, tiyo dlo ak gaz.
- Analize distribisyon espas fizik lan la, pozisyon mèb yo, koulwa pòt soti yo, anplis eliminasyon koulwa ak eskalye si wap viv nan batimán.


Aprè mete enfòmasyon sa yo nan yon tablo. ou kapab konplete paw la nan lis pou ranpli ki nan paj 29 (Etap 2.A).



(Egzanp) Ki menas nou idantifye anndan kay lan?



1. Priz sichaje oubyen an mal eta.



4. Etajè sou kabann ak bagay ki ka tonbe.




2. Koulwa ak mèb ki bloke wout la.



5. Tòchon kizin (sèvyet, twal netwayaj) a kote dife an.



3. Akimilasyon dekonb (res materyèl ak fatra) nan lakou ou jaden.



6. Prezans founèz (nan chofaj).



7. Kanon chofaj an movèz está.

Evalyasyon deyò kay lan:

- Revize tout alantou kay la, pale ak vwazinaj epi enfòmew de ijans ak katastwòf ki konn pase nan zòn sa avan.
- Li trè enpòtan pou analize diferan risk posib ke kay ou a ekspoze yo akòz de kotel pozisyone a, pa egzannp tou pre lanmè, ravin (ravin ou falèz) vòlkan an aktivite eks.



Pou konnen a ki menas ou ekspoze kotew rete a enfòmew nan **Visor Chile Preparado***

* <https://web.senapred.cl/visor-chile-preparado-2/>

Aprè ke ou fin analize menas ki egziste deyò kay ou ekri yon lis. ou ka konplete pa ou a nan tablo pou ranpli a ki twouvel nan paj 29 (Etap 2.B).

(Egzanp) ki menas ke ou idantifye deyò kay ou a?




1. Inondasyon ki ka rive jis nan pòt lakay ou.



5. Kloti ki ka pran dife.



2. Aksidan transpò machin ki ka pase a grand vitès.



6. Fuit de gaz.




3. Larivyè monte (rivyè) ki ka koupe trajè nan wout yo.



7. Eskalye ijans ki bare e ki pa gen limyè.



4. Mi (miray, gwo afich) kapab tonbe si gen tranbleman de tè oubyen replik ki fò.



8. San kap tonbe akòz volcán ki eklate.



9. Pon ki koupe akòz rivyè ki desann.



Ou ka enfòme plis sou menas nan paj entènèt mou an*

* <https://web.senapred.cl/recomendaciones/>

Lè ou idantifye menas yo, priorize epi revize ki aksyon ou ka reyalize pou solisyon pwoblèm sa yo. Aprè rantre enfòmasyon an nan yon tablo.

Ou kapab konplete pa ou a nan lis pou ranpli ki anba a nan paj 30 (Etap 2.C.)

EGZANP

Menas	Solisyon
1. Priz kouran ki nan move eta	1. Chanje bwat priz kouran yo
2. Koulwa ki gen mèb ki bare pasaj la	2. Retire mèb yo epi debarase koulwa a
3. Akimilasyon dekonb nan lakou oubyen jaden	3. Netwaye espas lan epi retire dekonb yo.
4. Etajè sou kabann ak bagay ki ka tonbe yo.	4. Kole mèb yo nan mi epi retire bagay ki lou yo.
5. Kloti ki ka pran dife	5. Òganize nou ak kominote a pou nou fè yon operasyon netwayaj e debarase espas.
6. Eskalye ijans ki bloke epi san limyè	6. Avize administrasyon batimán an.
7. Kanon chofaj an movèz está	7. Reyalize antretyen sou chofaj ak kanal ak bon le





Étap 3: Defini yon zòn sekirize

Avan yon sitiyasyon ijans pase, ou dwe defini bagay sa yo:



Zòn pwoteje:

Nap itilize anndan kay lan pou pwoteje nou fas a yon menas detèmine. Nou kapab defini plis ke yon sèl espas pwoteksyon, paske se pa tout risk ki gen menm repons.



Zòn sekirize lafanmiy:

Nan kèk okazyon li tap rasiran abandone kay lan akòz de ijans la. Pou sal i nesese defini yon espas pwòch ki ka pèmèt nou elwanye nou de danje a (tankou ri anfas la yon plas oubyen twotwa tou pre a).



Wout evakyasyon:

Dwe yon wout oubyen yon trajè ki pa gen anyen ki bare wout la kote fanmi an kakap rive nan zòn sekirize a. Nan ka ou ta gen manm ki gen andikap oubyen ki limite nan deplasman yo oubyen depandans nou dwe konsidere wout pou evakyasyon fasil ki pèmèt yon deplasman efikas kote nap ka kowòdine sipò vwazinaj pou evakyasyon.



Pwen rankont:

Espas reyinyon deyò zòn evakyasyon kote tout moun ka rive pou mete tèt yo an sekirite ke otorite yo defini pou sa, sitou si tout manb fanmi an pa nan menm espas nan moman yon sitiyasyon ijans.



Pwen reyinyon lafanmi:

Nou dwe kenbe menm kondisyon sekirite lè nou deyò zòn danjere a li kapab yon espas ke fanmi an defini pa egzanmp kay yon pwòch paran.



Chèche rezo sipò a epi si wap viv nan yon batiman mande sou sistèm sipò pou evakyasyon an.



Nan ka yon sounami, wout evakyasyon, zòn ki an sekirite ak pwen rankont yo toujou defini ak valide davans pa biwo meri a. Jwenn enfòmasyon sou plan evakyasyon lokal ou a **isit la**.



Nan ka evakyasyon pou volkan ki eklate ak glisman teren (tè a kap deplase, alluviyon) gen plizyè pwen rankont tranzitwa ki egziste. Yo se espas reyinyon pou moun ki twouve yo nan pwosesis evakyasyon e ki paka rive nan yon lye sekirize, ki ap bezwen yo transpòte yo apre nan yon pwen rankont oubyen sekirize definitif.



Nan yon evakyasyon swiv enstriksyon otorite yo epi enfòmè ou sou mwayen ofisyèl sou kijan sitiyaasyon ijans lan ap avance.

Aprè ke nou fin idantifye zòn sekirize yo baze sou divès menas, konplete tablo tankou nan egzanp lan. Ou ka jwenn li nan paj 31 (Etap 3).

* <https://web.senapred.cl/planos-de-evacuacion/>

EGZANP

Ijans	Zòn pwoteje	Wout evak-yasyon	Zòn sekirize lafanmiy	Pwen rankont (deyò zòn pou evakye)	Pwen rankont lafanmiy
Dife nan estrikti kay la	Evakye al nan zòn sekirize	Pòt prensipal	Twotwa ki anfas lan		Twotwa ki anfas lan
Gaz la filtre	Evakye al nan zòn sekirize	Pòt prensipal	Twotwa ki anfas lan	Twotwa ki anfas lan	Twotwa ki anfas lan
Dife nan forè a	Evakye al nan zòn sekirize	Ri Santa Maria	Teren nan finisman ri an	Zòn otorite yo defini pou sa	
Tranbleman tè oubyen replik	Rantre anba tab ki sal a manje a	Pòt prensipal	Lakou deyè kay lan		Nan lè lekòl, lekòl Javier lan. Nan lòt orè kay gran lan.
sounami	Evakye al nan zòn sekirize	Ri Freire		Mòn san Juan	Kay tant Rosa





Étap 4: Fè yon plan kay lan



- Desine an fanmiy yon plan senp kay wap viv lan konmsi ou tap gadel pa anlè, idantifye tout sektè kay lan (sal a manje, chanm a kouche, douch, koulwa, eskalye, lakou eks).



- Si kay la gen plis ke yon etaj, fè yon plan pou chak.



- Desine nan plan an kote bwat swict kouran an ye, robinè tiyo alimante kay an lan ak dlo a menm jan pou tiyo gaz yo.



- Make kote kek lot bagay ki ka itil nan ka ijans ye, tankou pa egzanp yon ekstenktè ak kit ijans lan.



- Mete tou nan plan an bagay ki gen pou wè ak teren an kote kay la sitiye an, tankou pa egzanp : pwi dlo, latrin, tank dlo, epi pak bèt yo, oubyen lòt.



- Nan ka ou t pataje kay ak lòt fanmiy sonje mete zòn komen yo, tankou koulwa eskalye ak lakou.



- Make zòn sekirize yo, wout evakyasyon yo ak zòn danjere yo deyò kay lan.




- Make zòn sa yo ak koulè epi senbòl ki pèmèt distenge ak plis fasilite.

kanw fini ak plan an, metel yon kote tout moun ka wèl.

Aktyalize plan an chak fwa nou fè yon chanjman kèk nan enfòmasyon nan kay la oubyen nan plan an.

Ou kapab swiv plan sa kòm egzanp. Ou ka desine paw lan nan fèy ki nan paj 32 (Etap 4).





Etap 5 : Defini wòl yo nan yon sitiyaasyon ijans

Pou plan sa li enpòtan idantifye ki aksyon pou fèt pandan sitiyaasyon ijans lan epi kiyès kap pran responsabilite pou fèl, an akò ak kapasite li ak karakteristik li.

Si ou gen bet domestik, yon moun dwe pran responsabilite a pou pran swen e pwotejel.

Après mete tout enfòmasyon yo nan tablo a. Ou kapab konplete paw la nan lis pou ranpli ki nan paj 33 (Etap 5).

Travay prensipal nan sitiyaasyon ijans	Moun responsab
Fèmen tiyo dlo, gaza k koupe kouran	Maria Elena (grann)
Ede moun ki gen andikap yo	Rafael (papa)
Rele yon fanmi oubyen vwazen ki ka ede + Pote kit ijans lan	Benjamin (pitit)
Rele nimewo ijans yo + Pran swen bet yo	Andrea (lokatè)





Etap 6: Fè yon lis kontak

Li enpòtan pou ou genyen yon lis kontak non sèlman pou sèvis ijans yo, menm pou fanmi, òganizasyon ak lòt moun ke ou ka mande sekou.

Sonje ABC sitiyasyon ijans lan

(A)mbilans (131)

(B)ombero ponpye (132)

(C)arabineros (133)

CONAF (130)

PDI (22 70 80 000)

Nan yon sitiyasyon ijans ou kapab bezwen tou sipò emosyonèl, nan ka sa, pa doute Ale nan sant sante ki pi pre ou a enmenm jan tou chache apwi kominote pa ou a. Konsidere rezo local sipò pou imigran, fanm ak lòt òganizasyon sosyal, tankou espas reyinyon pou kominote a tankou “junta de vecino” (komite katye) oubyen legliz. Sonje anrejistre nimewo telefòn ou.

Nap rekòmande ou chache kontak Inite Jesyon Risk (Unidad de gestión de riesgo) meri bò lakay ou a epi konsilte pou nimewo plan plan kadran katye ou an nan komisaria ki pi pwòch ou an. Plan sa se estrateji operatif Carabineros de Chile pou reponn a demand sèvis polisye kominote an nan yon zòn espesifik.

Pi ba a nou kite egzanp pou monte ou ki kontak ki kapab itil ou. Ou kapab mete pwòp nimewo paw nan paj 34 (Etap 6). Nan fen tek la, wap jwenn nimewo ijans ke ou kapab bezwen.

EGZANP

Non	Telefòn
Vwazin	+5691234567
Inite jesyon risk minisipal	+5691234567
Plan kadran katye Carabineros (komisaria ki pi pre a)	+5691234567
Ijans Dlo	+5691234567
Junta de vecino (komite katye)	+5691234567
Legliz local (nen pòt lote spas reyinyon kominote a)	+5691234567





Étap 7: Kijan pou ou prepare kit ijans

Nan moman ijans sa ka rive ke sèvis bazik yo tankou (dlo trete, kouran, ak manje) pa disponib. Se pou sa li enpotan pou nou toujou genyen yon ansanb de eleman ki ka pèmèt nou siviv e sibveni ak bezwen nou pandan ke nap tan sityasyon ijans lan pase. Ansanb eleman sa yo nou rele yo kit ijans.

Kit ijans sa dwe kapab pèmèt ke oumenm ak fanmiw reponn ak nesosite primè yo pandan 72 èd tan e ou dwe prepare kit sa an fonksyon de nesosite oubyen bezwen espesifik oumenm sak fanmiw ap genyen pou moman ijans lan.



Toujou sonje ou dwe chwazi yon mounn nan fanmi ou spesyalman ki pou anchaj pou pote valiz ki ap sèvi kom kit ijans lan, e toujou pran an konsiderasyon ke valiz ijans lan dwe gen yon pwa ki pa depase pwa mounn ki ap potel la kapab sipote



Rekomadasyon pou ou prepare kit la:



- 2 lit dlo pa jou pou chak mounn (mete dlo yo nan ti boutèy 55cc pou ka transpote yo pi fasil).



- Manje ki pap gate rapid epi manje ki vini nan konsèw kew ap ka konsome san ke o upa bezwen kwit li.

- Flash oubyen lot limye ke ou ka transpote e ki sèvi ak batri.

- Radyo potab ki savia k batri.

- Kob an efektif (lajan kach).



- Yon bagay ki ka fasilite 'w ouvri bwat konsèw (kouto).

- Jèl pou dezenfekte men nou.

- Pwodwi pou fè netwayaj.



- Sachè pou mete fatra.

- Kach nen desechar.

- Papye ijyenik (pou twalèt).

- Papye absoban (wipes).



- BrikV oubyen alimèt.

- Kopi tout dokiman nou yo nan yon anvlop enpèmeyab oubyen nan yon sachè plastik (Kanè idantite, ak de nesans papye tè ak kay, kontra fèm kay).



- Kopi kle kay.

- Medikaman ki nesèsè ak preskripsyon doktè ba nou si nou genyen.



- Materyè pou bay premye swen.

- kopi plan ijans lan.

Lot bagay espesyal

Pou timounn ki nan alètman (nan tete):



▪ Daypè oubyen kouchèt.

▪ Savon ki fèt ak gliserin epi tèmomèt.

▪ Poud bebe, pomad ki bon pou blese sou po, krèm pou po, ak vazlin pou fe ijyèn.



▪ Papye imid (wipes).

▪ 2 rad pa jou, sandal oubyen tenis, epi lèn.

▪ Bibon avèk suson.



▪ Lèt an poud.

▪ Manje pou timoun ki vini nan bokal an vit.

▪ Papye control medikal timounn lan.



Pou moun ki gen pwoblèm mantal oubyen aspè trizomni 21:

▪ Nou dwe toujou mete yon kat enfomatif sou yo nan yon pati ki vizib ki genyen (non yo, nimewo yon fanmi ou zanmi pwoch yo, adrès lakay li, ak kijan yo ka edèl oubyen sekouri li si li ta fè yon kriz).



▪ Mete nan kit ijans li an yon bagay ki ka edel kalme'l: tankou yon bagay ke li Renmen.

Pou fanm asent ki nan peryod alètman:

▪ Kanè kontwol epi rejis medikal avèk ekzamen epi ekografi, medikaman ak vitamin pre-natal.

▪ Nou dwe toujou genyen sou men nimewo telefonn nimewo telefonn: obstetrisyen (doktè) matron o matrona ak lopital ki pipre nou an.



▪ Twal gaza k bandaj matènèl.



Pou plis enfòmasyon sou rekòmandasyon pou bèt lakou, dèyè kay oubyen repwodiksyon, bèt antif, bèt akonpanyan ak posesyon responsabnan sitiyaasyon ijans konsilte **paj web***

* <https://web.senapred.cl/dimension-animal/>

Kit pou bay premye swen

An kata gen yon ijans, oumenm oubyen yon manb nan fanmi'w ka sibi yon lezyon (frakti) lejè tankou yon blese, boule... donk se pou sal i nesesè pou ou gen yon kit:

- Gan pou manipile blese a.
- Kach nen.
- Sizo pwèn romen oubyen 'pens (li kapab sa yo itilize lakay).
- Twal gaz oubyen konprès de diferan dimansyon (netwayaj blese a dwe fet avek).
- Twal gaz o upa dwe itilize koton).
- Bandaj, twal adezif, pansman.
- Sewòm fizyolojik (solisyon sale) ki nan apoul plastik swa 10 ou 20 ml pou trete blese minè yo.
- Tèmomèt, de prefernas digital (sa ki gen mèki yo kpapab kontamine moun si yo kraze).

Kit ijans pou bèt domestik

Kit sa dwe konsidere eleman ki ka asire otosifzans pou omwen 7 jou.

- Kanè/DNI veterinè.
- Lisans rejis nasyonal bet domestik (registro nacional de mascota).
- Resèt veterinè a (si ou genyen li).
- Dlo nan boutèy pou 48 èd tan (boutèy 1 lit edmi).
- Alimantasyon ki gen anpil kalori pou 48èd tan.
- Kaj li, sachè, valiz.
- Yon veso rezistan pou dlo ou ak manje.
- Dòmo dous li, Kabann li ou sèvyèt.
- Sachè pou watè li.
- Chèn, sentiwon ou mizo si li nesesè.
- Antiparazit entèn ak ekstèn.



Etap 8: pratike plan sitiyasyon ijans lan

Pa rete tan ke gen yon sitiyasyon ijans pou ou asire ou ke plan an fonksyone.

Pratike plan an chak lè pou ou ka wè kijan ou ka amelyore li. Korije li epi adapte li a chak ou wè li nesèsè. Reyalize 8 etap yo epi make amelyorasyon posib yo nan plan ki nan paj 36.

PREVANSYON AN KAY LA

Revize rekòmandasyon sa yo epi swiv mwayen sekirite ki ka ede ou aksidan anndan kay lan.

Nan douch lan

- Asrie ou ke atè a toujou sèk epi dezokipe.
- Pa manyen priz ak entèripte kouran yo ni okenn materyèl elektrik ak men ou mouye oubyen imid (swe).
- Medikaman yo dwe rete nan bwat orijinal yo epi kote timoun paka rive jwenn yo.
- Retire chofaj dlo a (rezèvwa dlo cho, rezèvwa) anndan douch lan.
- Pa Mete okenn milti priz nan douch lan.
- Enstale sipò men si wap viv ak moun andikape oubyen ki gen mouvman redwi.



Nan kizin lan

- Revize dat ekspirasyon tiyo ak regilatè gaz yo.
- Le ou rantre nan douch lan evite touche pwalon (chodyè) oubyen lòt bagay ki twouve yo sou fou a. paske yo ka cho epi sa koz ou brile.
- Si lwil wap fri a pran dife, pa janm mete dlo ladanl. O kontrè, fèmen gaz la epi kouvri pwalon an oubyen chodyè tou swit ak yon kouvèti.
- Pa itilize mèb yo pou fè eskalye.
- Itilize aparèy elektrik yo lwen evye yo.




Salón - sal a manje

- Lè ou limen chofaj yo mete yo a yon distans rezonad parapò a mèb ak rido.
- Pa mete okenn veso ki gen dlo sou chofaj ki itilize parafin. Si dlo a tonbe sou li sa ka koz li pran dife sibitman, epi koz dife pran rapidman.
- Asire ou ke kote ou mete lamp yo rete fèm.



Chanm a kouche

- Evite enstale mèb ak lanp ki lou sou kabann nan, anlè sou tèt kabann lan oubyen a kote kabann lan.
 - Asire ou ke bibliotèk yo gen arèt sou chak etaj pou evite ke liv yo deplase oubyen lòt bagay ki gen pwa.
 - Mete sandal ou toujou tou pre kabann ou.
- Evite fimen nan chanm yo pou evite ensandi.



Eskalye

- Asire ou ke yo toujou gen ekleraj.
- Apui men yo ak mach pye yo dwe toujou an bon eta si yo te ka gen gom pou evite glise li tap pi bon.



Lakou (jaden, balkon)

- Si li posib mete kite alonj dlo a toujou rete konekte nan bouch tiyo a. li pi bon sil te ka rive tout kote nan lakou a.
- Revize osi souvan posib do kay la pou evite li koule lè gen lapli, oubyen pou tòl ak planch yo pa leve si ta gen tranbleman tè oubyen replik.
- Revize souvan arebò tòl yo ak tiyo bò tòl pou dlo lapli yo pou asire ou ke yo toujou an bon kondisyon.




Antouraj kay la

- Kenbe yo lib de move zèb ak fatra nan antouraj kay la. Sa ka evite ke dife a pwopaje nan lòt kay si gen ensandi.
- Revize souvan epi netwaye fòs yo ak tiyo alimantasyon yo pou elimine tè, dekonb, ak fèy ki evite dlo kouri.




Si ou itilize fou oubyen chofaj a bwa

- Kenbe koulwa lè (tiyo yo) yo pwòp.
- Evite kontak ant koulwa yo ak lòt materyèl tankou bwa.
- Evite limen dife a ak materyèl ki akselere sa tankou parafin (gaz) lwil, eks.
- Pwoteje zòn kontak ak materyèl kip aka pran dife (bwat mamit, seramik, fibsiman, eks).



Si ou itilize chofaj manyèl

- Toujou Limen yo deyò kay lan epi kenbe yo ak bon lè anviwonman an pandan wap itilize yo.
- Pozisyone yo sou mamit oubyen materyèl kip aka ran dife.



Komplete etapa yo

ETAP 1

Lis manb
fanmiy lan

Non ak siyati	sex	laj	nasyo- nalite	telefòn	konsideras- yon	Nesesite espesyal	Kontradi- ksyon ak enstriksyon medsen

ETAP 2.A

Lis menas
deyò kay lan

Ki menas nou idantifye
anndan kay lan?

ETAP 2.B

Lis menas
deyò kay ou an.

Ki menas ke ou idantifye
deyò kay ou a?


ETAP 3

Lis zòn sekirize ak pwen rankont pou menas.

ijans	Zòn pwoteje	Wout evakyasyon	Zòn sekirize lafanmiy	Pwen rankont (deyò zòn pou evakye)	Pwen rankont lafanmiy

ETAP 4

Desine plan
kay ou a



ETAP 5

Lis wòl chak moun
anndan kay la.

(Egzanp) travay prensipal nan sitiyasyon ijans	Moun responsab

ETAP 6

Lis kontak nan
sitiyasyon ijans

Non	Telefòn

ETAP 7

Itilize lis yo ki na paj -20-21-22 pandan e wap make eleman ki nan kit ijans lan.

Bagay ki dwe nan kit ijans

ETAP 8

Le Nou fin pratike gade, panse
Ki aksyon ki Ka amelyore plan an?

Amelyorasyon 1	
Amelyorasyon 2	
Amelyorasyon 3	
Amelyorasyon 4	
Amelyorasyon 5	
Amelyorasyon 6	

REKÒMANDASYON TELEFÒN IJANS

Non	Telefòn
Ambulancia (Ambilans)	131
Bomberos (Ponpye)	132
Carabineros (Polis Nasyonal)	133
PDI (Polis investigasyon)	134
Conaf (Koperasyon nasyonal fore)	130
Emergencia marítima (Ijans Maritin)	137
Orientación violencia contra la mujer (Sernameg) (Vyolans Kont Fanm)	1455
Servicio Salud Responde (Sevis nasyonal reponn)	600 360 77 77
Senapred (Sèvis nasyonal prevansyon ak repons fas a dezast)	600 586 7700
Sernageomin (Sevis nasyonal jowoñoji ak min)	+56 2 2482 5500
Organización Internacional para las Migraciones (OIM)	+56 2 296 33 710
Sevis jesuite Pou imigran Arica	+56 5822 1105
Sevis jesuite Pou imigran Tarapacá	+56 57 2226300
Sevis jesuite Pou imigran Antofagasta	+562 2417 1073
Sevis jesuite Pou imigran Santiago	+562 2838 7560
Alyans Ayisyèn-chilyen	+569 9058 2037
Acnur (Ajans ONU Pou refijye)	+56227533826

Katriyèm kouvèti
Plan fanmi prepare – Adaptasyon

Servicio Nacional de Prevención y Respuesta ante Desastres (Sèvis nasyonal prevansyon ak repons fas a dezast) SERNAPRED.

Ministerio del Interior y Seguridad Pública (Ministè enteryè ak sekirite piblik).

Adaptasyon 3èm edisyon plan Fanmi prepare (2023), reyalize an kolaborasyon ak Òganizasyon Entènasyonal Migrasyon (OIM).

Ou gen otorizasyon repwodiksyon pasyèl enfòmasyon ki nan piblikasyon sa pou menm rezon li ekri an kom tit, sitasyon oubyen ann objektif pou ansenye oubyen envestige, selman wap gen pou site non sous la, tit oubyen otè.

Santiago 2024

Konnen 8 Etap yon Fanmi Prepare

Prepare se travay tout moun

